



Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SÈVIS NAVÈT FEYAJ OTÒN GRATIS POU
ADIRONDACKS APATI WIKENN SA A**

Navèt oktòb la ankouraje sekirite piblik nan bay aksè pratik ki gratis soti nan North Hudson rive nan pwen depa santye ki pi popilè High Peaks nan Adirondack yo

Yon pati nan Angajman Kontinyèl Eta a pou, itilizasyon dirab, ak aksè ekitab ak aktivite deyò san danje

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo sèvis navèt gratis pou vizitè k ap vwayaje pou wè feyaj otòn lan nan Adirondacks apati wikenn sa a nan North Hudson. Navèt yo pral fonksyone nan de premye wikenn yo nan mwa oktòb soti nan Frontier Town Gateway rive nan pwen depa santye Giant Mountain, Roaring Brook Falls, ak Rooster Comb, ansanm ak Zòn Pakin Marcy Field la.

"Pi bèl feyaj otòn nan mond lan se isit la nan eta nou an, epi Nouyòkè yo merite admire peyizaj la nan yon fason ki an sekirite epi ki pratik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pou asire sekirite rezidan yo ak vizitè yo nan Adirondacks, New York ak anpil patnè lokal nou yo ap lanse yon nouvo navèt oktòb ki pral ede anpeche anbouteyaj nan koridò ki gen anpil moun nan High Peaks epi kontinye bay yon bon kalite eksperyans anplennè nan sezon feyaj sa a."

[Premye anonse an Jiyè](#), nouvo pwogram nan se yon patenarya ant Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Konte Essex, Biwo Rejyonal pou Touris Dirab (Regional Office of Sustainable Tourism, ROOST), Vil Keene ak North Hudson, ak pwopriyetè prive Frontier Town Gateway. Navèt la ofri randone yo opòtinite pou yo fè eksperyans feyaj otòn nan pi bon pwen vantaj li yo - sou santye a - san yo pa bezwen trakase pou kondwi ak pake nan pwen depa santye ki okipe yo. Se [youn nan anpil inisyativ ke y ap deplwaye nan Adirondacks ak Catskills](#) ane sa a pou ede pwoteje sekirite piblik ak pwomouvwa lwazi dirab, anplis ke Gouvènè Hochul k ap ranfòse yon Fon Pwoteksyon Anviwònman rekò 400 milyon dola enkli 8 milyon dola espesyalman pou sekirite vizitè Adirondack ak Catskill yo ak pwoteksyon dezè.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Gouvènè Hochul ak DEC rekonèt jan li enpòtan pou kontinye sipòte yon estrateji konplè pou amelyore sekirite, dirabilite, ak aksè ekitab moun k ap jwi aktivite anplèn yo. Nouvo navèt sa a pral ede ankouraje vizit nan kèk nan pi bèl peyizaj nou yo pandan y ap ede anpeche pakin ilegal ak lòt enkyetid sekirite piblik yo. Nou ankouraje tout vizitè yo pou ou 'konnen anvan ou ale' epi pou prepare yon bon jounen deyò nan sezon otòn sa a."

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Pilyè milye moun vini nan Adirondacks chak ane pou randone ak admire feyaj otòn lan. Navèt Feyaj Otòn la pral pèmèt plis Nouyòkè jwi, fè eksperyans ak apresye bote natirèl rejyon nou an menm."

Manm Asanble Matthew Simpson, te deklare, "Youn nan gwo aspè nan viv nan North Country se kado pou admire bote natirèl Adirondacks yo pandan kat sezon yo. Avèk yon ete remakab ki dèyè nou, spektak vizyèl enspiran feyaj otòn lan te kòmanse rive. Alafwa rezidan yo ansanm ak vizitè yo pral vin anbrase bèl bote natirèl briyans kolore ak vibran yo pwojete nan tout somè yo ak vale yo nan rejyon High Peaks la ak odela. Asire aksè a trezò natirèl sa a pou tout moun jwi se yon priyorite prensipal nan nivo Eta a ak Lokal. Mwen trè fyè dèske m fè pati kolaborasyon pami tout moun ki gen enterè ki enplike yo, ki gen ladan Mo Ahmad nan Frontier Town, NYS DEC, Ofisyèl Vil Lokal yo, ak ROOST, nan pouse misyon sa a pou pi devan ak entwodiksyon sèvis navèt sa a. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te ede garanti finansman enpòtan pou bay resous ki nesèsè pou montre resous anviwònman natirèl enkwayab klas mondyal nou an yon fason san danje epi dirab, ki se Adirondack Park la."

Prezidan (Adirondack Park Agency, APA), John Ernst, te deklare, "Pandan Adirondack Park la ap reflekte feyaj otòn espektakilè yo, piblik la pral gen yon lòt opòtinite navèt gratis ki pral bay aksè pratik ep ki an sekirite ak plizyè pwen depa santye nan bèl Konte Essex la. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, yon kowalisyon solid patnè piblik ak prive kontinye aplike estrateji jesyon avèk siksè ki divèsifye aksè ak lwazi nan fason ki dirab nan tout Rejyon High Peaks la ke yo sitèlman konvwate a."

Navèt feyaj otòn lan kanpe nan menm kote ak [Navèt Route 73 Hiker](#) soti nan Marcy Field, men wout la bay plis aksè pou vizitè yo pou soulaje pakin ki pa an sekirite ak ilegal nan koridò Route 73 la. Navèt oktòb la pral fonksyone nan yon sikui samdi ak dimanch, 1e ak 2 oktòb, ak samdi, dimanch, ak lendi, 8, 9 ak 10 oktòb soti 7 a.m. rive 7 p.m. yo pa pèmèt ou soti ak chen. Chak navèt kapab akomode 20 pasaje yo epi syèj yo disponib sou yon baz premye vini, premye sèvi.

Pwogram navèt feyaj otòn lan se yon ekspansyon pwogram Navèt Route 73 Hiker a ki te pilote pou premye fwa an 2021, ki ofri yon opsyon gratis pou randone yo ki pa kapab jwenn pakin nan pwen depa santye yo dezire oswa ki vle senplifye eksperyans yo lè yo pake epi ale nan destinasyon pa yo. Navèt Route 73 Hiker a opere samdi, dimanch, ak lendi jou ferye yo jiska Wikenn Columbus Day la soti 7 a.m. rive 7 p.m. Pa gen rezèvasyon ki nesèsè. Jeran yo estasyon nan Marcy Field pou ede randone yo navige nan sistèm navèt la epi edike sou lwazi responsab, tankou preparasyon, sekirite

randone, ak prensip Leave No Trace (Pa Kite Tras yo). [Aprann plis sou pwogram navèt la](#) epi jwenn yon kat woutyè ak orè pou navèt la sou sitwèb DEC la.

Sistèm Navèt Route 73 Hiker la konplete yon sèvis ki date depi lontan ke Vil Keene bay ki bay transpò pou ale ak pou soti nan Garden Trailhead ki posede pa Vil la soti nan zòn pakin Marcy Field la. Navèt Vil la kouri ansanm ak sistèm navèt Route 73 la soti 7 a.m. rive 7 p.m. samdi ak dimanch lè pakin Garden lan ranpli. Yo pèmèt chen ki byen konpòte yo ki nan chèn nan navèt vil la.

Sistèm navèt la te pami rekòmandasyon yo ki nan [rapò final](#) Gwoup Konsiltatif sou Somè ki Wo yo (High Peaks Advisory Group, HPAG) sou pwomosyon lwazi ki dirab nan Pak Adirondack la. Li konpoze ak pati konsène ki gen ekspètiz nan gouvènman lokal, lwazi, pwoteksyon resous natirèl, biznis, ak endistri touris la. An 2019 te gen chaj pou bay DEC a rekòmandasyon sou kijan pou abòde pwoblèm enpòtan ki asosye ak itilizasyon piblik resous Somè ki Wo yo ki ogmante, pou pwoteje espas sa yo akoutèm ak alontèm, ak pou jenerasyon k ap vini yo. [Vizite sitwèb DEC a pou li rapò a.](#)

Pou asire rekreyasyon ki an sekirite ak dirab, Nouyòkè yo ka vizite [Love Our New York Lands](#) pou chèche konnen ki jan yo respekte tè New York yo, vizite santye ki mwens vwayaje yo, pratike Leave No Trace™ lan, epi bay an retou pa travay volontè ak entandans.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418